

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang

Basa Sunda miboga peran penting dina lumangsungna kahirupan masarakat Jawa Barat, eksistensi basa Sunda kiwari geus jarang kakuping. Salasahiji tarékah pikeun nuwuhkeun kareueus kana basa Sunda nya éta ngalarapkeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé boh dina kahirupan kaluwarga, masarakat, ogé dina kahirupan sakola. Larapna basa lantaran geus biasa.

Beuki ka dieu, siswa ngarasa pangajaran basa Sunda di sakola beuki hésé, salasahiji nu karandapan nya éta dina pangajaran aprésiasi drama. Kurangna kaparigelan dina komunikasi ngagunakeun basa Sunda jadi pangaruh utama nu ngabalukarkeun lumangsungna pangajaran drama di sakola.

Salasahiji tarékah pikeun mekarkeun kaparigelan basa nya éta dina pangajaran drama. Sabab dina pangajaran drama kudu nengetan lafal, intonasi, penghayatan, jeung éksprési. Drama ogé ngalatih kaparigelan komunikasi, ngafal, jeung kaparigelan dina ngahontal imajinasi diri (Dewi, 2017)

Dina prosés pangajaran basa Sunda anu diajarkeun diunggal jenjang pendidikan, salasahiji materi pangajaran basa Sunda nya éta drama anu aya dina KIKD kelas IX SMP/MTs. Dina pangajaran drama nyangking aspek kaparigelan basa anu miboga tujuan pikeun ngaronjatkeun kaparigelan nulis, maca, nyarita, jeung ngaregepkeun.

Dinas Pendidikan (2017) dina buku Kurikulum Tingkat Daerah Mulok Mata Pelajaran Bahasa Sunda Berbasis Kurikulum 2013 Revisi 2017 Jenjang SMP/MTs, nétélakeun kompetensi dasar (KD) anu kudu dikawasa ku siswa dina kaparigelan basa jeung sastra Sunda jenjang SMP/MTs, nya éta: *4.5 Mendemonstrasikan adegan drama dengan memperhatikan penghayatan, ekspresi, gesture, dan lagu kalimat yang tepat.*

Dumasar kana KIKD SMP/MTs (dina Dewi, 2017) pangajaran basa Sunda di luhur aya sababaraha kaparigelan anu kudu dikawasa ku siswa, nya éta nu kahiji Basa anu ngawengku: a) Artikulasi, lafal atawa olah vokal drama anu ngawengku: (1) pernafasan, (2) peregangan, (3) kajelasan ngedalkeun sora basa, (4) leutik bedasna sora. jeung b) Lentong (tekenan, wirahma, randegan). Kadua Eusi carita anu ngawengku: a) Kasaluyuan eusi, eusi carita anu didemonstrasikeun saluyu jeung naskah drama atawa carita anu saenyana kajadian; b) pamekaran eusi, mekarkeun eusi atawa mekarkeun imajinasi sangkan siswa/pamaén drama bisa lalakon tokoh saluyu jeung eusi carita; jeung c) pamahaman eusi, maham kana eusi atawa alur drama. Katilu Téknik/ sikep anu ngawengku: a) Penjiwaan tokoh, kamampuh pamaén dina merankeun tokoh saluyu jeung gambaran tokoh dina naskah ; jeung b) éksprési (mimik) raray nalika merankeun hiji tokoh anu patali jeung kaayaan tokoh (ambek, sedih, gumbira, jrrd.).

Pangajaran drama kudu diajarkeun ka para rumaja hususna di jenjang SMP/MTs sabab dina masa ieu dibutuhkeun pangajaran étika ogé niléy-niléy moral kahirupan. Salian ti éta, drama nuwuhkeun sikep percaya diri.

Nurutkeun Gani (2022) yén aya sababaraha pasualan anu nyangkaruk ngeunaan pangajaran drama di SMP/MTs, di antarana: (1) siswa teu percaya diri dina ngadémontrasikeun drama; (2) kirangna rojongan ti guru dina méré latihan-latihan ngaragakeundrama ka siswa; (3) siswa henteu diarahkeun sangkan maham kana karakter tokohna, tapi ngan maca jeung ngapalkeun naskah dramana hungkul; jeung (4) siswa kurang maham kana cara-cara ngaéksprésikeun karakter tokoh nu diperankeun.

Sedengkeun nurutkeun hasil panalungtikan Dahlan (dina Andriani, 2013) larapna modél *Role Playing* dina pangajaran drama miboga sababaraha kaonjoyan, di antarana: (1) méré rojongan ka siswa dina mekarkeun minat jeung bakatna; (2) méré lolongkrang ka siswa dina maham kana situasi dina ngokolakeun émosi, masalah, kamandang, dina lingkungan sabudereunna; (3) mekarkeun kaparigelan komunikasi siswa; jeung (4) ngalatih siswa pikeun aktif dina kahirupan sosial.

Dina prak-prakanna, pangajaran ngaragakeundrama kurang diperhatikeun ku siswa atawa sok diapilainkeun. Masalah anu ngabalukarkeun kirang éfektifna pangajaran basa Sunda nya éta para guru acan ngagunakeun modél pangajaran anu luyu jeung kriteria PAIKEM (Pembelajaran Aktif, Inovatif, Kreatif, Efektif, dan Menyenangkan). (Susilowati, 2012)

Dumasar kana pasualan-pasualan di luhur, diperlukeun stratégi pangajaran pikeun ngaoptimalkeun kagiatan siswa dina prosés pangajaran sarta dipiharep ningkatkeun préstasi hasil diajar sacara maksimal. Dina nyingkahan pasualan-pasualan éta tangtu merlukeun modél pangajaran anu éfektif.

Modél pangajaran téh réa wanguuna, Salah sahijina nya éta modél pangajaran *Role Playing*. Nurutkeun Jil Hadfield (dina Djumingin, 2016) modél *Role Playing* mangrupa salah sahiji modél pangajaran anu ngagunakeun sistem gerak nu dijerona aya sawatara aturan, udagan jeung dideudeulan ku unsur kabungahan. Dina prosés pangajaran ieu, siswa kudu diarahkeun kana kaayaan nu ngagambarkeun yén éta siswa téh ngabayangkeun keur aya di luar ruang atawa kelas, sok sanajan dina kanyataanana siswa keur aya di jero rohangan.

Anapon panalungtikan saacanna anu miboga sasaruaan jeung ieu panalungtikan, nya éta medar ngeunaan modél *Role Playing* nu judulna “*Peningkatan Kualitas Penghayatan Tokoh Pada Pembelajaran Apresiasi Drama Melalui Model Bermain Peran pada Siswa Kelas XI IPS 1 SMA Negeri 1 Kartasura Tahun Pelajaran 2009/2010*” ku Resodyah Setyowati. Hasilna ngaguar yén éfektifitas ngagunakeun modél *Role Playing* dina pangajaran aprésiasi drama ngaronjatkeun minat diajar siswa dina pangajaran bahasa Indonésia, kelas XI IPS 1 SMA Negeri 1 Kartasura Tahun Pelajaran 2009/2010. Bébédana jeung ieu panalungtikan nya éta tujuan larap modél pangajaranna, pamalungtik ngalarapkeun modél pangajaran pikeun ngaronjatkeun kaparigelan main peran dina pangajaran drama.

Panalungtikan anu judulna “*Modél Pangajaran Role Playing Pikeun Ngaronjatkeun Kaparigelan Ngadongéng (Studi Kuasi Ékspérimén Ka Kelas XI IPS SMA Kartika XIX-3 Bandung Taun Ajaran 2013-2014)*” ku Gayanti. Hasilna ngaguar yén modél *Role Playing* ngaronjatkeun kaparigelan ngadongéng anu larapna pikeun *penghayatan* tokoh anu aya dina dongéng, salian ti éta modél *Role Playing* ngaronjatkeun kaparigelan siswa dina nyarita. Bébédana jeung panalungtikan ieu nya éta, panalungtik ngagunakeun modél *Role Playing* dina pangajaran drama basa Sunda sarta pikeun ngaronjatkeun kaparigelan ngaragakeun tokoh.

Aya deui panalungtikan anu ngagunakeun modél *Role Playing* nya éta panalungtikan nu judulna “*Métode Role Playing Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nyarita Tatakrama Basa Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén Ka Siswa Kelas VII A SMP Yas Bandung Taun Ajaran 2013/2014)*” ku Dely Nurma. Hasilna medar yén ngagunakeun modél *Role Playing* ngaronjatkeun kamampuh nyarita tatakrama basa Sunda. Parobahan anu bisa dirasakeun nya éta pangaweruh ngeunaan matéri tatakrama basa Sunda hadé, siswa bisa ngalarapkeun kumaha ngagunakeun basa hormat keur sorangan tur basa hormat keur ka batur.

Dina panalungtikan nu judulna “*Modél Pangajaran Role Playing Pikeun Ngaronjatkeun Kaparigelan Nulis Guguritan Sekar Ageung (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-8 SMP Negeri 3 Bandung Taun Ajar 2017/2018)*” ku Irfan Abdul. Hasilna maluruh larapna modél pangajaran *Role Playing* dina ngaronjatkeun kaparigelan nulis guguritas sekar ageung. Bébédana jeung panalungtikan ieu, nya éta panalungtik ngagunakeun modél *Role Playing* dina pangajaran guguritan anu henteu ngalibetkeun main peran tokoh sacara langsung.

Nilik judul di luhur, panalungtikan ngeunaan modél *Role Playing* masih perlu dilarapkeun sabab dina bahan ajar anu digunakeun nya éta matéri drama saluyu jeung konsep modél *Role Playing*. Bédana jeung panalungtikan saméméhna nya éta dina bahan ajar. Salian ti éta, objék panalungtikanana ogé béda.

Dumasar kana hal-hal anu kapaluruh di luhur, ku kituna panalungtikan nu judulna Modél *Role Playing* dina Pangajaran Drama (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas IX C SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajaran 2022/2023) perlu dilaksanakeun.

1.2. Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sawatara hal nu bisa diidéntifikasi pikeun ditalungtik, nya éta:

- a. Kaparigelan siswa dina nyangkem kaparigelan basa dina pangajaran drama, ditilik tina aspek wirahma, wirasa, jeung wiraga;
- b. Larapna léngkah-léngkah modél *Role Playing* éfektif dina pangajaran drama siswa kelas IX C SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 SMP/MTs.

1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang sarta idéntifikasi masalah panalungtikan ngawengku kaparigelan ngaragakeun drama siswa saméméh jeung sabada maké modél *Role Playing* dirumuskeun saperti ieu di handap.

- a. Kumaha kaparigelan ngaragakeun drama siswa saméméh maké modél *Role Playing*?
- b. Kumaha kaparigelan ngaragakeun drama siswa sabada maké modél *Role Playing*?
- c. Naha aya bédha anu signifikan antara kaparigelan ngaragakeun drama siswa kelas IX C SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Role Playing*?

1.3. Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan nu nulis tangtu mibanda tujuan tina sawatara hal nu kudu dihontal, di antarana:

1.3.1. Tujuan Umum

Sacara umum yén tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun nguji modél Role Playing dina pangajaran drama ka siswa kelas IX-C SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajaran 2022/2023.

1.3.2. Tujuan Husus

Dumasar kana tujuan umum di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan husus nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kaparigelan ngaragakeun drama siswa kelas IX C SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 saméméh ngagunakeun modél *Role Playing*;
- b. kaparigelan ngaragakeun drama siswa kelas IX C SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 sabada ngagunakeun modél *Role Playing*; sarta
- c. naha aya bédha anu signifikan antara kaparigelan ngaragakeun drama siswa kelas IX C SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Role Playing*;

1.4. Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan mibanda sababaraha mangpaat, nu sakurang-kurangna tilu mangpaat, di antarana:

1.4.1. Mangpaat Téoritis

Ieu panalungtikan diayakeun pikeun neuleuban élmu pangaweruh ngeunaan modél pangajaran, hususna modél pangajaran dina kaparigelan ngaragakeun drama. Dipiharep ieu panalungtikan méré gambaran yén modél *Role Playing* bisa mangaruhan kana minat diajar siswa hususna kana pangajaran drama.

1.4.2. Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan ogé miboga mangpaat praktis pikeun:

- a. pikeun siswa, sangkan bisa nambah pangaweruh jeung mekarkeun motivasi sarta bakal ngaronjatkeun hasil diajar, hususna kana pangajaran drama;
- b. pikeun guru, sangkan bisa nambah pangaweruh dina ngalarapkeun modél-modél pangajaran anu éfektif;
- c. pikeun panalungtik, méré motivasi ogé pangaweruh anu hadé pikeun ngalarapkeun modél *Role Playing*, jeung bisa nyawang keur nu nalungtik sangkan dina prak-prakan ngajar bisa leuwih kréatif tur inovatif.

1.4.3. Mangpaat tina segi Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan pikeun ngarojong kana kawijakan pamaréntah anu nangtukeun yén bahasa daerah mangrupa bahasa nu kudu dimumulé kalayan ulah dileungitkeun. Luyu jeung aturan pamaréntah dina pasal 32 ayat 2 UUD 1945 nétélakeun yén bahasa daerah téh kudu dimumulé salaku cicirén kabeungharan bangsa.

Lian ti éta dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi bongbolong pikeun ngungkulon rendahna minat siswa pikeun mikawanoh jeung resep kana basa Sunda salahajina dina pangajaran drama.

1.5. Raraga Tulisan

Raraga tulisan

Bab I mangrupa bab munggaran dina ieu skripsi. Dina bab I ngawengku kasang tukang panalungtikan, identifikasi jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan diayakeunna ieu panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga panulisan skripsi.

Dina bab II dipedar ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan sacara leuwih jéntré. Dina bab II ngawengku kajian pustaka anu dijerona dipedar ngeunaan tiori modél pangajaran, média *Role Playing*, jeung

larapnna modél *Role Playing* dina pangajaran drama. Salian éta, dipedar raraga mikir, asumsi jeung hipotésis panalungtikan.

Bab III dipedar ngeunaan métode nu dipaké dina ieu panakungtikan. Eusina dipedar ngeunaan média panalungtikan, kaasup sababaraha komponén, di antarana: lokasi jeung jejer panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data. Dina nganalisis data, ngaliwatan sababaraha prosés di antarana nguji sipat data anu ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas satulunya uji hipotésis pikeun mikanyaho kaéféktifan modél *Role Playing* dina pangajaran drama.

Bab IV dipedar hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun. Dina bab IV ngawengku hasil panalungtikan jeung pambahasan, nya éta analisisdata pikeun manggihan hiji hal ayar nu aya patalina jeung masalah panalungtikan, hipotésis, jeung tujuan panalungtikan, ogé dipedar hasil temuan panalungtikan.

Dina bab V ngawengku kacindekan tina sakabéh pedaran ogé saran kana panalungtikan anu geus diaksanakeun sangkan panalungtikan kahareupna bisa leuwih hadé.